# KEŃESBAY KARIMOV LIRIKASINDA TEŃEWLERDIŃ QOLLANÍLÍW SHEBERLIGI

**Tilegenova Altinay Ernazar qızı**
*Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universiteti, Nókis*

**Annotaciya:** Biz bul maqalamızda shayır Keńesbay Karimov lirikasında kórkemlew quralları, sonıń ishinde teńewlerdiń qollanılıw sheberligi haqqında sóz ettik. Bunda ádebiy teoriyalıq maǵlıwmatlar tiykarında shayır poeziyasın analizlep, kórkemlik ózgeshelikler anıqlandı.

**Tayanısh sózler:** *lirika, trop, teńew, obraz, kórkem sheberlik.*

**Annotaciya:** Ushbu maqolamizda shoir Kengesbay Karimov lirikasida badiiy tasvir vositalari xususan, o'xshatishlarning qo'llanilish mahorati muhokama qilindi. Bunda adabiy-nazariy ma'lumotlar asosida shoir sheriyati tahlil qilinib, badiiy xususiyatlar aniqlandi.

**Kalit so'zlar:** *lirika, trop, o'xshatish, obraz, badiiy mahorat.*

**Аннотация:** В статье рассматриваются средства художественной образности в лирике поэта, Кенесбая Каримова, в частности, мастерство использования сравнений. На основе литературоведческих и теоретических данных проанализирована поэзия поэта и определены художественные особенности.

**Ключевые слова:** лирика, троп, сравнение, образ, художественное мастерство.

**Annotation:** The means of artistic imagery in the poet, Kenesbay Karimov's lyrics, in particular, the skill of using similes were discussed in this article. Based on literary and theoretical data, the poet's poetry was analyzed and artistic features were determined.

**Key words:** *lyric, trope, simile, image, artistic skill.*

Lirikada insannıń jámiyettegi ornı, qorshaǵan ortalıq penen qarım-qatnası, jámiyetlik-siyasiy qubılıslarǵa bahası onıń ruwxıy dúnyasındaǵı qubılıslar, sezim-tuyǵıları tiykarında sáwlelenedi. Bizdi qorshaǵan shınlıq, jámiyettiń sotsiallıq, siyasiy kúshleri, hár qanday jekke insanıylıq hám jámiyetlik áhmiyetke iye mashqalalar lirikalıq shıǵarmanıń mazmunın qurawı múmkin. Usı mazmun joqarı emosional-estetikalıq tásirsheńlikke iye kórkemlik penen jetkerilip berilse ǵana lirika óziniń shın mánisindegi wazıypasın atqarǵan sanaladı.

K.Karimovtıń poetikalıq izlenisleri onıń sózlerden óz ornında paydalanıwında, sózlerdiń túrli mánilik túrleniwlerinde, kerekli sózdi kerekli orında paydalana biliw hám onıń mazmunǵa qatnasın támiyinley alıw múmkinshiliginde de anıq kózge taslanadı. Kórkem ádebiyat kórkem ónerdiń basqa túrlerinen óziniń sóz arqalı júzege keletuǵınlıǵı menen ajıralıp turadı. Sonlıqtan, bunda sózge ayrıqsha poetikalıq

wazıypa kórkemlikti támiyinlew funkciyası júklenedi. Bul funkciya, ásirese kórkem shıǵarmadaǵı kórkemlew quralları hám usıları arqalı ámelge asırıladı. Kórkemlew quralларınıń tiykarǵı atqaratuǵın xızmeti – estetikalıq tásirsheńlikti támiyinlew, oy-sezimlerdi emocional jetkerip beriw bolıp esaplanadı. «Poeziyada figuralar hám troplardıń járdeminde sózdiń ishki forması payda etiledi, dep jazadı rus ilimpazı M.Polyakov troplardıń shıǵarmadaǵı áhmiyeti tuwralı [Polyakov M., 1986. – 387].

Kórkem ádebiyattıń basqa túrleri menen salıstırǵanda, poeziyada troplar júdá ónimli qollanıladı. Ózbek ádebiyatshısı T.Boboev troplardı sózdiń tuwra hám awıspalı mánileri arasındaǵı baylanısqa hám súwretlew obyektine qaray úsh túrge bólip úyrenedi [Boboev T., 2002. – 320-329]

Qaraqalpaq klassikalıq ádebiyatında kórkem súwretlew qurallarınıń sheber úlgilerin kóriwimizge boladı. Qaraqalpaq ádebiyatı menen rus ádebiyatın salıstıratuǵın bolsaq, rus ádebiyatında ádebiy shıǵarmalardıń kórkem poetikasın izertlew birqansha alǵa ilgerilegenin bilemiz.Bul tuwralı ilimpaz B.Genjemuratov miynetinde sóz etiledi [Genjemuratov B., 1997. – 3]. Haqıyqatında da, qaraqalpaq ádebiyattanıwında jazıwshı hám shayırlarımızdıń kórkemlik ózgesheligi, poetikası jóninde izertlewler ele de azshılıqtı quraydı.

Lirikalıq shıǵarmalarda pikirdiń ótkirliligin támiyinleytuǵın, onıń kórkemlik qunın asıratuǵın troplardıń biri – teńew. Teńew – latınsha «compario» sózinen alınǵan bolıp, uqsatıw, salıstırıw degen mánini ańlatadı. Teńew tiykarınan eki maqsette qollanıladı:

1. Obyektlerdiń uqsaslıq yamasa ayırmashılıqların salıstırıw ushın;

2. Ózara baylanıslı hádiyselerdi uqsatıwǵa tiykarlanadı.

Sonday-aq teńew metaforalıq sıpatqa iye boladı. Bul tuwralı Aristotel: «Eger kimdur Axillesti arıslanday sóyledi dese, onda bul teńew, eger arıslan sóylese bul metafora»– dep túsindiredi. [Литературная энциклопедия. 2001.– 1022] Bul orında eki predmet Axilles hám arıslanlardıń uluwmalıq uqsas sıpatı ekewiniń de márt, aybatlı ekenligi. Eki birdey qásiyetke iye bolǵan predmetler bolıwına qaramastan Axilles hám arıslan kontekstte qollanılıw usılına qaray bir-birinen parıqlanıp tur. Teńew kontekste qollanılǵanda onda tiykarınan tórt element qatnasadı:

1. teńeliwshi predmet – teńelip atırǵan obyekt;

2. teńestiriwshi predmet – uqsawshı obraz;

3. teńeliwshi hám teńestiriwshi predmetlerdiń uqsaslıq belgisi;

4. teńew qosımtaları yáki teńewdi payda etiwshi sózler [Dosımbetova A., 2016. – 10]. Mısalı:

Waqıt zımıraydı jel kibi gúwlep,
Nesip etkenge gúz taǵı keledi [Каримов К., 2020. – 3].

Qosıqta biz joqarıda aytıp ótken teńewdiń tórt elementi de qatnasqan. Bunda teńeliwshi predmet waqıt, teńestiriwshi predmet bolsa jel, yaǵnıy samal, eki

predmetke de tán bolǵan qubılıs tezlik, olardıń jıldam, irkilmey háreketleniwi, al teńewdi payda etiwshi sóz kibi.

K.Karimov lirikasında eki predmet arasındaǵı uqsaslıqtı kórkem sáwlelendiriw maqsetinde teńewlerdi teńewlik elementlerdiń tolıq qatnasıwı yaki eki troptıń qabatlastırılıp qollanılıwı arqalı paydalanılǵanlıǵın hám kórkemlik xızmet atqarıp kelgenligin kóriwimizge boladı.Bul bolsa avtordıń kórkemlik izlenisleriniń jemisi bolıp xızmet etedi.

K.Karimov lirikalıq qosıqlarında tolıq elementli teńewlerdi jiyi qollanǵan.Shayır qosıqlarındaǵı teńewler janlı hám jansız zatlardı, anıq hám abstrakt predmetlerdi bir-birine uqsatıp, pikirdiń kórkemliligin hám ótkirliligin arttırıp kelgen. Mısalı:

…Bosanǵan qus yańlı tar qápesinde,
Talpındım men gúzdiń qushaǵı taman.

…Búgin tábiyattıń biz bir ashıǵı,
Júrekte sezimler sıǵasar seńdey.
…Ul-perzentli bolsa, dáryaday tasıp,
Tóbesi kóklerde, márdana basıp,
Qaraqalpaq toy qılar jıyǵanın shashıp [Каримов К.,2020. – 3-31]

Keltirilgen úzindilerde teńew elementleri tolıq qatnasqan. Dáslepki mısalda lirikalıq qaharman ózin qusqa teńew arqalı, gúzge degen saǵınıshın, muhabbatın, taza sezimlerin kórkemlep jetkerip bergen. Bunda teńeliwshi predmet – lirikalıq qaharman yamasa adam, al teńestirilip atırǵan predmet – qus. Uqsaslıq tárepi eki janzattıń da tábiyattıń perzenti ekenligi, ekewiniń de janlı tábiyatqa degen muhabbatınıń, jıllı sezimleriniń bar ekenligi. Al, yańlı sózi qosıqta eki predmetti óz ara uqsaslıq tárepleri menen bir-birine teńep, kórkem hám logikalıq baylanıstı táminlep kelgen. Eger yańlı sózin alıp taslasaq, teńewlik máni joǵaladı. Ekinshi mısalda bolsa teńewlik mánini day/dey qosımtası táminlep kelgen.Ekinshi mısalda teńeliwshi predmet – sezim, teńestiriwshi predmet – seń, eki predmettiń uqsaslıq tárepi olardıń tártipsizligi, tolqıwı. Júrektegi sezimler adam debdiwlengen waqıtta yáki albıraǵanında, quwanǵanında, yamasa bir nárseden qattı tásirlengeninde júrekke jayǵaspay qaladı, dárya, teńiz betindegi muz bólekleri bolǵan seńler de suw betinde siresip, bir-birine dúgilip, aǵıs jolına sıymay irkilip qaladı, jayǵaspaydı. Bunda sezim hám seń sózler arasındaǵı teńewlik mánini tek day qosımtası emes, al sıǵasıw sózi de táminlegen. Bul sóz seńniń jeke qásiyetin ashıp bergen. Shayırdıń qosıqlarında tolıq elementli teńewlerge basqa da mısallardı keltiriwge boladı:

…Esken jeldey zuwlap ótti tusımnan,
Ǵapılda qolımnan joǵalǵan pursat.

…Bir túp biyday yańlı arpa ishinde,

Kóriner qolımnan jırılǵan pursat.

…Ádebiyat mısal kórkem bir janan,

Ázeliy shın ashıq bolıppız oǵan.

… Qara shoyın yańlı ezip jelkemdi,

Ushqır qıyallarım sárgardan boldı [Каримов К., 2020. –4-12].

Keltirilgen mısallarda teńewdiń komponentleri tolıq qatnastırılǵan bolıp, hárbiri eki uqsas belgige iye predmetler arasında teńewlik mánini táminlep kelgen. Dáslepki mısalda day qosımtası arqalı teńewlik máni bildirilgen bolsa, ekinshi hám úshinshi mısalda teńew mánisin ańlatıwshı yańlı hám mısal sózleri eki predmet arasındaǵı uqsaslıqtı kórsetiwde kórkemlik xızmet atqarıp tur.

Ulıwma alǵanımızda, teńewler tiykarınan qaharmanlar obrazın jaratıwda, olardıń kórkemliligin, emocionallıǵın ele de asırıwda jiyi qollanıladı. Shayır K.Karimov qosıqlarında teńewlerdiń tiykarınan eki usılda jiyi qollanılǵanlıǵın kóriwge boladı. Birinshi, teńewlerdi kórkem pikirdi jetkerip beriwde teńewlik elementlerin tolıq qatnastırıw arqalı qollanıw jaǵdayı jıyı ushırasadı, ekinshi kórkem pikirdi jetkerip beriwde eki troptıń, metafora hám teńewdiń birge qollanılıwı arqalı shayır qosıq ideyasın, pikirdi ele ótkir hám kórkem etip jetkerip bere alǵan. Sonday-aq, K.Karimov poeziyasında teńewdiń tolıq emes túrin de jeke siyrek jaǵdayda ushıratıwımızǵa boladı. Bul bolsa ele de shayırdıń kórkemlik izlenisiniń nátiyjesiniń joqarılıǵın, ózine tán sheberligin kórsetedi.

## ÁDEBIYATLAR:


1. Поляков М. Вопросы поэтики и художественной семантики. – Москва: Советский писатель, 1986.

2. Бобоев. Т. Адабиётшунослик асослари. – Тошкент: Ўзбекистон, 2002.

3. Генжемуратов Б. Әжинияз лирикасының поэтикасы. – Нөкис: Билим, 1997.

4. Литературная энциклопедия. Терминов и понятий. – Москва, НПК «Интелвак», 2001.

5. Dosımbetova A. Ádebiyattanıwda kórkemlew quralları. – Nókis: Qaraqalpaqstan, 2016.

6. Каримов К. Қарақалпақ – елим мениң. – Toshkent: Yangi kitob, 2020.